

Koulye la a, ou fini ak kozman enskripsyon pou lekòl lan...

Se kisa alò ki vini aprè?

Nou di w mèsi poutèt ou enskri pitit ou an nan Lekòl Piblik Boston (BPS) pou lane lekòl 2009-2010 lan. Nou konplimante w pou pa enpòtan sa a ou fè nan aktivite chwazi lekòl ou an!

Aprè w fi n aplike, li enpòtan pou w konprann kisa k ap rive aprè.

1. **Konsève kopi aplikasyon sa w te soumèt lan.** Ou ka bezwen tounen ladan li pita pou w verifye dat enskripsyon an, lekòl sa w te chwazi yo, oubyen non moun ki te ba w asistans lan yo.
2. **Pòte lakay ou yon kopi ti livrè "Introducing the Boston Public Schools 2009" lan.** Kionsève piblikasyon enfòmasyon sa yo sou men w pandan tout lane lekòl lan. Ti livrè sa itil. Li chaje ak nimewo telefòn enpòtan, eksplikasyon detaye sou aktivite plasman, epi enfòmasyon konsènan chak lekòl.
3. **Siveye nouvel konsènan plasman pitit ou an nan yon lekòl.** Se apeprè 6 semèn aprè nou fèmen peryòd enskripsyon yo ke lapòs ap pòte lakay paran yo plasman nan septanm 2009 lan pou lekòl yo.

Si w te aplike nan dat...	N ap voye nouvel pou ou...
5 Janvyè - 6 Fevriye, 2009	Mitan-Mas 2009
11 Fevriye - 20 Mas, 2009	Bonè nan Me 2009
23 Mas - 1 ^e Me, 2009	Mitan-Jen 2009
4 Me - 5 Jen, 2009	Mitan-Jiyè 2009
Aprè 5 Jen, 2009	Lè nou fè plasma an ka varye

Men kisa plasman an (assignment) pral gen ladan l:

- Lekòl kote nou plase pitit ou an, avèk adrès li epi orè klas li yo tou pou lane pwochèn.
- Elijibilite pou transpò - menm si pitit ou an pral genyen (ou pa pral genyen) transpò pou lekòl kote n plase l lan. (Nan fen mwa d Out, n ap poste pou fanmi yo plis enfòmasyon konsènan transpò ak wout nan otobis jòn lekòl yo. Si w gen kesyon, rele 617-635-9046 oubyen 617-635-9520.)
- Si sa aplikab, tout lekòl kote nou plase pitit ou an sou lis datant lan (gade lòt bò paj sa a).

Si nou pa plase pitit ou an nan youn nan lekòl sa w te chwazi yo:

- N ap otomatikman plase nan yon lekòl ki gen plas bò lakay yo, depi se elèv klas 1-12 epi tout elèv kindègadenn ki pral gen laj 6 zan ou plis pase 6 zan nan dat 31 Desanm 2009.
- Nou pap plase nan okenn lekòl ou pat chwazi elèv kindègadenn ki gen laj 5 lane ou pi jenn anvan 31 Desanm 2009. Ti moun say o pap gen plasma jiskaske fanmi yo, yomenm, fè lòt chwa nan lekòl ki gen plas disponib. (Li sou lòt bò paj lan "Kisa pou m fè pou m chwazi lòt lekòl?")

4. **Siveye fòmilè "RSVP" an lakay ou epi voye l tounen bay lekòl lan.** Nou mande pou chak fanmi di nou si yo aksepte plasman nan lekòl ak nan lis datant yo resevwa a, oubyen si yo refize li. Konplete fòmilè "RSVP" an, voye l ban nou, pou w endike nou plan w genyen pou Septanm. Enfòmasyon sa a pral ede nou ofri plas ki disponib yo bay lòt fanmi osito ke posib.
5. **Prepare w pou w kòmanse lekòl!** Direktè lekòl pitit ou an pral pran kontak avèk ou ak plis enfòmasyon konsènan reyinyon ak lòt opòtinite pou akeyi fanmi nouvo yo nan kominote lekòl lan.

Konsènan lis datant lan (About wait lists)...

- Si nou pa plase pitit ou an nan premyè lekòl ou chwazi an, nou ka plase l nan jiska twa (3) lis datant.
- Nou baze plas pitit ou an sou yon lis datant selon priyorite ki gen pou lekòl yo, nimewo timoun lan pa aza, epi peryòd nou te ranpli aplikasyon pou enskripsyon an.
- Lis datant yo pa gen limit; yo kapab gen nenpòt longè.
- Si nou jwenn plas, jiska mwa d Out, n ap kontinye transfè elèv lis datant yo nan lekòl otomatikman. Aprè tan sa a, n ap pran kontak avèk ou anvan n transfere timoun lan nan yon lekòl. Si w satisfè ak kote nou plase pitit ou an, si w pa bezwen non l kontinye rete sou lis datant lan, nou priye w ranpli fòmilè RSVP an, oubyen pran kontak ak yon Sant Resous pou Fanmi pou w ka mande pou n retire non pitit ou sou lis datant lan.
- Nenpòt elèv k ap viv nan "City of Boston" lan, kapab rete sou yon lis datant menm aprè lane lekòl lan kòmanse, menm si elèv lan anwole (ou pa anwole) nan Lekòl Piblik Boston yo.
- Lis datant yo ap fèmen nan lafen mwa Janvyè 2010.
- Li ti livrè "Introducing the Boston Public Schools" lan pou plis detay konsènan règleman lis datant yo.

Kesyon...

Kisa pou m fè pou m chwazi lòt lekòl?

Après w resevwa avi sou plasman pitit ou an, ou ka retounen nan yon Sant Resous pou Fanmi (FRC) pou w chwazi lòt lekòl, menm si pitit ou an jwenn plasman nan youn nan lekòl ou te chwazi yo. Sepandan, n ap fè w konnen, ke pap gen garanti ou pral jwenn plas nan lòt lekòl nouvo sa w renmen yo.

E si m demenaje ale rete nan yon lòt kay aprè te soumèt aplikasyon pou enskripsyon an?

Si w bote ale rete nan yon lòt adrès, fè n konnen tousuit, pou w ka resevwa enfòmasyon enpòtan n ap poste pou ou yo. Pou n ka konnen nouvo adrès ou an, vizite nenpòt Sant Resous pou Fanmi avèk omwens twa (3) prèv akseptab pou adrès nouvo w lan. Pou detay sou règleman rezidans (Residency Policy), rele yon Sant Resous pou Fanmi ou vizite www.bostonpublicschools.org/residency. Si adrès nouvel ou an nan yon lòt zòn plasman tou, nou ka mande w pou w chwazi lòt lekòl. Si yon fanmi mouv kite "City Boston" lan konplètman, timoun nan fanmi sa a pap ka frekante Lekòl Piblik Boston.

Si w bezwen èd? Vizite oubyen rele nenpòt

Sant Resous pou Fanmi

East Zone	1216 Dorchester Ave., Dorchester	617-635-8015
North Zone	55 Malcolm X Boulevard, Roxbury	617-635-9010
West Zone	515 Hyde Park Avenue, Roslindale	617-635-8040

Entènèt: www.bostonpublicschools.org/register

